

GID PEP A

*Gid Ou pou Pwogram Angajman Piblik
MPO Rejyon Boston nan*



Èske ou se yon lidè kominotè, avoka, ofisyèl ki eli, ibanis, oswa moun ki vle aprann plis sou kijan pou angaje nan pwoesis planifikasyon transpò rejyonal la? Alò gid sa se pou ou.





Nan gid sa

**Pwogram Angajman Piblik
MPO Rejyon Boston nan
(PEP)**

**Manm MPO Rejyon
Boston yo**

Objektif MPO yo


**Opòtinite pou angaje nan
pwoesis planifikasyon an**

**Prensip angajman piblik
MPO a**

Istorik MPO yo



Photos courtesy of MOTT



Kisa Pwogram Angajman Piblik MPO a ye?

Pwogram Angajman Piblik (Public Engagement Program, PEP), Òganizasyon Metropoliten (Metropolitan Organization, MPO) Rejyon Boston nan se estrateji MPO a ki enkli tout moun ki nan pwosesis planifikasyon transpò reyonal Boston nan.

Pwogram nan ap lite pou asire ke yo bay tout manm piblik la opòtinite pou patisce, ki enkli popilasyon ke sistèm transpò a te defavorize yo epi ki manke aksè nan pwosesis pou pran desizyon an. PEP a oryante efò MPO a pou ofri opòtinite kontini epi enpòtan pou manm piblik la pou enfliyanse epi fasone jan yo pran desizyon transpò nan rejyon an. PEP a kouvri tout aktivite sansibilizasyon nan rankont MPO yo nan fowòm sou plas ak anliy yo, komunikasyon dijital, ak evènman Angajman tanporè yo.




Photos courtesy of Susana Hey, MBTA

MPO Rejyon Boston nan kwè ak fèmte ke angajman piblik ki enpòtan fè pati travay planifikasyon transpò òganizasyon an. Angajman piblik la amelyore jan yo pran desizyon lè li ede fè limyè sou benefis sosyal, ekonomik ak anviwònmantal ak dezavantaj desizyon transpò yo epi lè yo apiye yon sikwi kòmantè kontini nan sikonstans ki toujou ap evolye yo.

Kesyon, Kòmantè, Refleksyon? Kontakte pèsonèl MOP a:

Kowòdonatè Sansibilizasyon Piblik publicinfo@ctps.org 857.702.3658



Kiyès ki konpoze konsèy MPO Rejyon Boston lan?

Zòn planifikasyon MPO Rejyon Boston lan anglobe 97 minisipalite ak apeprè 3,522 kilomèt kare soti Boston rive Ipswich nan nò, soti Marshfield rive nan sid, ak apeprè 495 Interstate nan lwès. Li se fwaye plis pase twa milyon moun epi sipòte plis pase de milyon djòb.

Konsèy MPO a konpoze ak 24 manm konsèy eta, rejyonal, minisipal, k ap travay nan kowoperasyon pou pran desizyon sou planifikasyon rejyonal ak priyorite finansman yo. Reprezantan minisipal yo eli chak twa zan sou yon baz kontini. Vil Boston nan gen de syèj pèmanan. Ansanm ak reprezantan ki soti nan minisipalite atravè rejyon an, gen senk syèj pèmanan pou ajans transpò yo ki enkli, MassDOT, MBTA, ak MassPort. Konsèy Planifikasyon Zòn Metropolitèn nan (Metropolitan Area Planning Council, MAPC), Konsèy Konsilitatif MBTA a ak Konsèy Konsilitatif MPO a genyen syèj pèmanan tou. Vizite sitwèb MPO Rejyon Boston nan pou wè lis Konsèy MPO Rejyon Boston ki pi ajou a.



Ki objektif MPO yo ?

Kongrè a te kreye MPO a pou fè pwomosyon ant ajans eta, òganizasyon, ak vil ak minisipalite lokal yo ki enplike nan planifikasyon transpò rejyonal la. Konsèy MPO ki eli a chaje puo deside sou kijan pou depanse yon pòsyon nan lajan transpò federal la pou rejyon an sou etid transpò estaf MPO a te fè ak pwojè konstriksyon yo. Konsèy la te apwouve tou tout fon transpò federal yo te itilize nan rejyon an, ki enkli finansman pou transpò piblik, pwojè wout, bisiklèt ak pyeton. Finansman MPO a ap etabli atravè lejislasyon transpò, sa ki pi resan an se Lwa sou Reparasyon Sifas Transpò Amerik (FAST: Fixing America's Surface Transportation) 2015 lan.

MPO Rejyon Boston nan egzèse sèt fonksyon prensipal

- 1** Etabli epi jere yon kad ki jis epi san pati pri pou yo pran desizyon rejyonal nan fason ki efikas nan rejyon Boston.
- 2** Evalye amelyorasyon potansyèl nan sistèm transpò nan rejyon Boston nan epi etidyé pwoblèm transpò ki enpòtan sou plan rejyonal atravè **Pwogram Travay Planifikasyon Inifye a (Unified Planning Work Program, UPWP)**
- 3** Prepare epi kenbe yon **Plan Transpò Alontèm (Long-Range Transportation Plan, LRTP)** pou rejyon Boston nan, avèk yon orizon zo tan minimòm ki fikse vizyon transpò, domèn vizyon, ak objektif MPO a; etabli pwogram envestisman; epi planifye gwo envestisman transpò
- 4** Devlope yon **Plan Amelyorasyon Transpò (Transportation Improvement Program, TIP)** chak ane ki dekri pwojè transpò ki finanse nan chak pwogram envestisman pou reyalize objektif LRTP a
- 5** Angaje piblik la lè li ofri tout moun ki enterez yo opòtinite pou angaje nan tout fonksyon desizyon MPO a pran yo atravè **Pwogram Angajman Piblik la (Public Outreach Program, PEP)**
- 6** Asire konfòmite ak dwa sivil federal ak eta yo ak egzijans pou pa gen diskriminasyon atravè **Pwogram Ekite Transpò** a, epi investi nan pwojè transpò ak etid yo ki amelyore aksè, mobilite, sekirite, ak lòt rezulta pou gwoup ki defavorize yo pandan y ap minimize chaj ki danjere yo
- 7** Fè **Planifikasyon ki Baze sou Pèfòmans** lè yo etabli sib epi evalye enpak akzyon MPO yo

Kijan ou ka enplike?



Patisipe nan rankont MPO ak Komite MPO yo (an pèsòn oswa vityèl) kote ou ka wè pwogrè nan aksyon epi bay oswa soumèt kòmantè ou



Patisipe nan sesyon enfòmasyon, atelye, ak fowòm ke estaf MPO a akeyi sou plan ak etid MPO yo



Patisipe nan ankèt MPO yo sou plan, pwojè, ak inisyativ presi yo pou fasone rechèch ak politik yo



Rejwenn Konsèy Konsilitatif pou Transpò Rejyonal la oswa lòt gwoup travay ak fòs entèvansyon MPO yo



Envite pèsonèl MPO a nan rankont oswa evènman òganizasyon w lan pou prezante rechèch ak pwogram MPO yo oswa koute manm kominate a pataje bezwen transpò yo



Rann MPO a responsab pou devlope pwosesis planifikasyon transpò a ki enplike chak moun, ki enkli sila yo ki defavorize epi ki manke aksè nan pwosesis pou pran desizyon an

Photo courtesy of MOTT

Konsèy Konsilitatif la

Konsèy Konsilitatif la se yon kò endepandan ki pote pwennvi publik ak konsèy sou planifikasyon transpò pou MPO Rejyon Boston nan. Abònman li a genyen ladan l minisipalite, òganizasyon pwofesyonèl, gwoup defans transpò, ak lòt ajans eta yo.

Kijan ou ka enplike?




Enskri imel MPO yo epi swiv @BostonRegionMPO sou Twitter, Instagram, Facebook, ak LinkedIn



Gade rankont MPO a epi anrejistre evènman angajman MPO yo sou chanèl YouTube MPO Rejyon Boston nan



Fè kòmantè piblik sou Pwogram Amelyorasyon Transpò (Transportation Improvement Program, TIP) a pou ede konsèy MPO a deside ki pwojè pou finanse



Sijere ide etid pou Pwogram Travay Planifikasyon Inifye (Unified Planning Work Program, UPWP) sou pwoblèm ak priyорite transpò yo



Angaje nan devlopman vizyon, objektif, senaryo ak estrateji pou Plan Transpò Alontèm (Long-Range Transportation Plan, LRTP)



Bay fidbak sou kritè pèfòmans lan ak sib MPO a etabli pou evalye plan ak investisman yo

Photo courtesy of MassDOT

Plan Angajman Piblik la

Plan Angajman Piblik MPO a oryante efò nou pou asire nou ke tout moun gen aksè nan pwogrè planifikasyon transpò reyonal la. Pou li plis sou enstriksyon, politik, ak egzijans nou yo, li tout plan ki sou sitwèb MPO yo nan bostonmpo.org/public_involvement.



Kisa prensip Angajman piblik MPO yo ye?

MPO a ap lite pou li ouvè epi angaje, epi pou travay ansanm ak chak moun ki enterese nan pwogram li yo. MPO a ankouraje kontribisyon piblik nan tout aspè lè l ap pran desizyon. MPO a angaje pou favorize yon pwoesis angajman piblik ki solid epi ki enkli tout moun pou planifikasyon transpò rejyonal la. Prensip sa yo oryante efò MPO yo nan angajman piblik.

Transparans: Pwoesis pou pran desizyon yo aksesib, ouvè, onèt, epi konpreyansib.

Enklizyon ak Ekite: Pwoesis dyalòg ak pou pran desizyon volontèman idantifye, rive jwenn, epi ankouraje patisipan nan rezidan yo, avèk efò presi ki fèt pou angaje moun koulè, moun ki gen metriz anglè ki limite, jèn,

granmoun, moun ki gen enfimite, ak moun ki gen revni ki fèb yo, ak lòt moun yo majinalize tradisyonèlman yo, ki itilize opòtinite, zouti ak teknoloji ki kreyatif.

Opòtinite enplikasyon piblik bonè epi kontini: Angajman kominotè se yon pati bonè epi antye nan konsepsyon ak mizanplas plan, politik, etid ak pwogram rejyonal yo.


Pwoesis bon jan kalite: Pwoesis angajman kominotè yo byen fèt pou adapte ak yon plan, pwogram, oswa pwojè nan fason ki apwopriye, epi adapte ak bezwen k ap chanje yo.

Konstui relasyon ak manm kominote ki divèsifye yo.: Pèsonèl la devlope relasyon travay alontèm, ki kolaboratif ak opòtinite aprantisaj ak rezidan, òganizasyon kominotè, minisipalite, ak gwoup defans yo.


Evalyasyon ak amelyorasyon kontini: Pèsonèl angajman an evalye efò angajman yo san rete atravè mezi kantite ak kalite pou amelyore pratik angajman piblik MPO a epi pataje kòmantè piblik la.



Poukisa MPO a te kreye?



MPO yo nan yon gran pati se te yon reyakson peryòd konstriksyon otowout la nan 1950 yo.



Pwojè yo, tankou Inner Belt nan Massachusetts, t ap deplase plizyè milye moun.



Ant 1950-70, « Revòt Otowout » yo te defye planifikasyon otowout konvansyonèl la.



Photo courtesy DigitalCommonwealth

Nan konbinezon ak mouvman anviwònmantal peyi a, ak adopsyon Lwa sou Kalite Lè federal la, etablisman lòt règleman sou kalite lè, ak kreyasyon EPA a, efò defans sa yo te atire sipò politik ki enpòtan nan revòlt kont otowout yo.



Nan dat 30 novanm 1970, pa lontan apre li te vin Gouvènè Massachusetts, Francis Sargent te deklare yon moratwa sou konstriksyon otowout andedan Route 128 la epi li te mande yon etid multimodal konplè sou bezwen transpò rejon yo.

Atravè Lwa sou Otorout Federal la Finanse 1973 la, yo te bay Òganizasyon Planifikasyon Metropoliten an pouvwa pou otorize itilizasyon fon transpò federal yo.



Pou plis enfòmasyon toujou sou listwa MPO Rejyon Boston nan, vizite sitwèb MPO Rejyon Boston nan.

Pou plis detay sou Pwogram Angajman Piblik MPO a

Vizite BostonMPO.org/public_involvement.

Welcome. Bem Vinda. Bienvenido. Akeyi. 欢迎. 歡迎. Chào mừng.

Mèsi pou enterè ou nan MPO Rejyon Boston nan ak pwoesisis planifikasyon transpò a!

You are invited to participate in our transportation planning process, regardless of your race, color, national origin (including limited English proficiency), religion, creed, gender, ancestry, ethnicity, disability, age, sex, sexual orientation, gender identity or expression, veteran's status, or background. Read our full notice of rights and protections.

To request special accommodations, or if you need this information in another language, contact the MPO at 857.702.3700 (voice), 711 (TTY), or civilrights@ctps.org (please allow 14 days).



ESPAÑOL (SPANISH)

Si necesita esta información en otro idioma, por favor contacte la Boston Region MPO al 857.702.3700.

简体中文 (SIMPLIFIED CHINESE)

如果需要使用其它语言了解信息，请联系波士顿大都会规划组织 (Boston Region MPO) 《民权法案》第六章专员，电话 857.702.3700。

繁體中文 (TRADITIONAL CHINESE)

如果需要使用其他語言瞭解資訊，請聯繫波士頓大都會規劃組織 BOSTON REGION MPO 《民權法案》第六章專員，電話 857.702.3700。

KREYÒL AYISYEN (HAITIAN CREOLE)

Si yon moun vle genyen enfòmasyon sa yo nan yon lòt lang, tanpri kontakte Espesyalis Boston Region MPO Title VI la nan nimewo 857.702.3700.

PORtuguês (PORTUGUESE)

Caso estas informações sejam necessárias em outro idioma, por favor, contate o MPO da Região de Boston pelo telefone 857.702.3700.

TIẾNG VIỆT (VIETNAMESE)

Nếu quý vị cần thông tin này bằng một ngôn ngữ khác, vui lòng liên lạc Boston Region MPO theo số 857.702.3700.